Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2020 соналъул 22 май Рузман №23 (7620) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Баркула гIидалъул къо

### Районалъул бетIерасул барки

ХIурматиял районцоял! Ахиралде щолеб буго баркатаб, жинда жаниб Къуръан рештIун кIодо гьабураб хирияб Рамазан моцI.

Гьеб моцI лъугIидал, киналго бусурбабаз кIодо гьабула кIал биччаялъул гIид.

Рамазан моцI ккола сабру гьабиялъул, инсанасул нафс бацIцIад гьабиялъул, гурхIелрахIмуялъул лъикIлъаби жинда жаниб гьарзаяб моцI.

Гьаб кIудияб байрам къоялъ дие бокьун буго гьаризе жиб-жиб рукъалъе, щибаб хъизамалъе хинлъи ва рохел, лъикIлъи ва икъбал.

Нилъеца гьабураб лъикIаб гIамалги, ккурал кIалалги, гьабураб гIибадатги аза-азаралдеги бахинабун къабул гьабеги.

Цойги нухалъ ракI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щолеб байрам, гьарула щулияб сахлъи, талихI ва рохел.

**АнвархIажи Вечедов**, районалъул бетIер

……………………..

### Районалъул имамасул барки

Хириял диналъул вацал ва яцал!

Районалъул динияб идараялъул ва дирго рахъалъ баркула киназдаго тIаде щолеб кIалбиччан къоялъул гIид.

Аллагьас къабул гьареги нилъеца ккурал кIалалги, гьабураб гIибадатги, рарал какалги, рахьарал сахIалги, садакъа-хайратги. Гьелъухъ нилъее щолеб кири цIикIкIараблъун батаги.

Гьарула бусурбабазе щулияб иман, лъикIал ишал гьаризе тавпикъ, кIудияб талихI гьаб дунялалдаги ахираталдаги, унтаразе сахлъи, балъгоял балагьаздасаги цIуни.

Исана гьеб хирияб къо цодагьаб батIияб къагIидаялъ тIобитIизе кколеб буго сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул хIисабги гьабун. Гьари буго киназдаго гIидалъул какал рокъор хьизан-лъималгун раян, цоцазде тIаде-гъоркье унгеян, цо бакIалде ракIаругеян, унти бахиналдаса цIунеян, лъималги кьватIире ричагеян, хабадаги унгеян.

КигIан нилъ гьединаб гIидалде ругьунал гьечIониги, тIаде бачIараб унтиялъул хал гьабун, цIодорлъи гьабизе кколеб буго.

Росабазул нухмалъулезда ва дибирзабазда гьари буго гьел тIадкъаял тIуразаризе жигар бахъеян. Хьул буго киназго цIодорлъи гьабилин.

**Шамил ХIажиев,** районалъул имам

## Карантин жеги халат бахъинабуна




Дагъистаналда эпидемиялде данде гьабулеб къеркьей жеги лъугьун гьечIилан лъазабуна республикаялъул нухмалъулес. Гьелъул хIасилалда карантиналъул низамги халат бахъинабуна. Жалго жидедаго ч1еялъул низам цIуниялъги лъикIал хIасилал къунилан абулеб буго.

Байбихьуда, унти тIибитIулеб бугин, цIодорлъи гьабеян, рокъор чIаян абун районалъул нухмалъулелги, врачалги, дибирзабиги ахIдолеб мехалъ, гIадамаз гьеб гIадахъ босичIого. Унтуде божизе инкари гьабун, гьеб тIибитIиялъул ургъел гьабичIелги рукIана нилъеда гъоркьор. Гьанже республикаялдаги районалдаги ккараб хIасил бихьидал, цо дагьал кантIунги ратила. Щиб гьабилеб.

Гьале тIаде щолеб буго кIалбиччаялъул гIидалъул къо. ГьабсагIат бугеб ахIвал-хIалги хIисабалде босун, гьеб къоялъ нилъеца цIунизе ккела гIадлу. Районалъул имамасги ахIулел руго гьеб къоялъ гIидалъул какалги рукъзабахъ разе, цоцазде гъоркье-тIадеги хьвадичIого рукIине.

Нилъеда бихьулеб буго гьабсагIат республикаялда бугеб ахIвал-хIал. 18 маялда Дагъистаналъул нухмалъигун Владимир Путиница тIобитIараб видеоконференциялда гьокьоб лъуна эпидемиялъул рахъалъ Дагъистаналда бугеб ахIвал-хIалалъул суал. Гьениб пачалихъалъул бетIерас мухIканаб баян гьабуна республикаялда бугеб ахIвал-хIалалъул. Гьеб суал гьес жиндирго хасаб халкквеялде босун буго. Республикалъе гIарцулабгун материалияб ва кадрабазулаб рахъалъ кумек чара гьечIого щвезе бугилан божилъиги гьабуна президентас.

Гьединго президентас абуна жинда лъалин Дагъистаналъул муфтияталъ эпидемиялда сверухъ гIемераб хIалтIи гьабулеб букIин. К1албиччанкъоялъул тадбирги рукъзабахъго тIубазе ах1улел рукIин гьез. Хьул бугилан абуна пачалихъалъул бетIерас динияб идараялъул къадруяб рагIи киназдаго рагIизе букIиналда.

Сабру гьабизе ккела цо дагьалги. Сабру гьабурасе пайда кIудияб бугилан буго нилъер умумузул абиги.

**ГIубайдула Малачдибиров**

### Эпидемиялъул баянал:

Районалъул больницаялдаса нижехъе щварал баяназда рекъон эпидемия байбихьаралдаса нахъе районалда коронавирусалъгун пневмониялъ унтун вуго кинавниги 155 чи. Гьезда гьоркьоса больницаялда вегизавун вуго 113 чи (44-коронавирус, 69 пневмония).

21 маялде ругел баяназда рекъон районалъул больницаялда вегун вуго 45 чи, гьезда гьоркьоса 13-коронавирусалъ унтарав, 32 - пневмониялъ унтарав. Ункъо чи вуго зах1матго унарав

МахIачхъалаялъул больницалде витIун вуго сах гьавизе 7 чи.

Къадаралде щун вуго районалъул больницаялда 5 чи, вехе витIаразул 2 чи.

Сахлъун больницаялдаса нахъе витIун вуго 68 чи, амбулаториялъулав унтарав вуго 42 чи.

**Сахаватлъи**

## Сахав бахIарчиясе нусго гъунарги дагьаб

Гьаб ахираб заманалда тIолгодунялалдаго тIибитIараб коронавирусалъул эпидемиялде данде кумекалъе ратулел руго Дагъистаналъул сахаватал гIолохъаби.



Республикаялда эпидемиялде данде гьабулеб къеркьей жеги лъугIун гьечIо. Гьеб гIузру бахичIеб цогIаги районги хутIун батиларо Дагъистаналда.

Нилъеегиги гIезегIан къварилъаби ва захIмалъаби рихьизаруна гьелъ, ратIалъана гIумруялдаса гIолохъабиги, руччабиги, хералги.

Гьединаб захIматаб хIалалда районалъул халкъ ккедал, кидаго гIадин кумекалъе ратана районалъул гIолохъаби.

Гьединазул цояв ккола рикIкIада Сахалиналда гIумру гьабун бугев меценат Агъвалиса ГIалил вас МухIамад МухIамадов.

Эпидемия багьарарабго МухIамадица кумек гьабизе байбихьана лъабго соналъ бехьерхьун букIараб райбольницаялъул инфекционнияб отделение ремонт гьабун къачIазе. Гьеб ишалъе гьес къуна щунусазарго гъурущ, гьабураб хIалтIухъги гьес жинцаго гьабулеб буго харж.

Гьединго гьес байбихьудаго районалъул больницаялъе битIун бачIана хирияб тайпадул нусго респиратор, гьал къояз ритIун рачIана кIинусазарго гъурщие дарабиги.

Живго район тун рикIкIад вугониги, МухIамадил кIудияб гIахьаллъи букIуна районалъул жамгIияб гIумруялъулъ.

Аллагьас сахлъи кьеги сахаватав инсан МухIамадие, къабул гьабеги гьесул садакъаги.

### Унеб буго подписка

**Хириял районцоял!**

Унеб буго 2020 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъе подписка гьаби.

Бокьилаан газеталъулгун нужер щулияб бухьен букIине. Хъвай ва цIале нилъерго гIагараб газета.

**Бащдаб лъагIалие газеталъул багьа 252 гъур.**

**Индекс -51377**

Гара-чIвари

# ЦIодорго рукIа, цIуне нужго

КигIан хIаракат бахъаниги цIуна-къан рукIине, дунялалдаго тIибитIана коронавирус абураб унти. Россиялда гьеб унти тIатинабуралдаса гIемераб хIалтIи гьабуна ва гьабулеб буго жакъа къоялъги халкъ гьелдаса цIунизе.



Унти тIибитIичIого букIиналъе карантиналъу заманалда гIадлу-низам цIунияльул, цIодорлъи гьабияльул, рацIцIалъи цIунияльул ва санитарияй тIалабал тIуразе ккеяльул бицун социалиял гьиназда ва газетазда гIемер цере рахъана врачал, диниял церехъаби, жамгIиял хIаракатчагIи, спортсменал. Бугониги, камулел рукIинчIо коронавирусалда сверухъ махсараби гьарулелги, гьеб гIадахъ босуларелги. Умумузул аби буго балагь гьикъун бачIунарилан. Нильер районалдаги льиданиги ракIалде кколеб букIинчIо рикIкIадаб Китаялдаса мугIрузда сверун къараб ЦIумада гьеб унти щвелин. Амма коронавирусилан цIар лъураб унтуца нильги гьоркьор течIо. ХIалуцараб ахIвал-хIал букIана больницаялдаги районалдаги, къойидаса-къойидее унтаразул къадар цIикIкIиналъ.

Жакъа райбольницаялда бугеб ахIвал-хIалалъул бицун гьитIинабго гара-чIвари ккана дир райбольницаялъул бетIерав тохтур Хейруланам Дибирасулаевасулгун.

**- Хейруланам МухIамадович, дур заман дагьаб букIинги хIисабалде босун, бокьун буго чанго суал кьезе эпидемиялъул рахъалъ районалда бугеб ахIвал-хIал лъазе.**

-Ахираб лъабго-ункъо къоялъ больницаялда гIодобе биччараб ахIвал-хIал бугин абизе бегьила. Больницаялде рачIунел, яги хехаб кумекалъул машинаялъ рачунел гIадамал цере гIадин захIматго унтарал гьечIо. Жакъа къоялда вегун вуго45 чи, гьезул ункъояв лъун вуго кислородалъул аппаратalда. Цо-кIиго анкь цебеккун букIараб ахIвал-хIал жакъа къоялде дагь-дагьккун лъик1лъулеб бугилан абизе бегьула.

Дол къояз нижеца щибаб къоялъ стационаралде къабул гьабулев вукIана 8-10 чи, амбулаториялде 20-30 чи.

**-Кинаб хIасил ккараб гIадамал жалго жидедаго чIеялъул?**

-ГIадамазда бичIчIулеб букIарабани моцIалъ, моцIгун бащдалъ цебе жалго жидедаго чIеялъул (самоизоляция), маскабигун хьвадизе ккеялъул, тохтурзабаз гьарулел малъа-хъваял тIуразаризе кколеблъи, анцIго нухалъ дагьал рукIинаан унтарал. Гьезда кколеб букIана нижее кьваригIараб бугин унтаразул къадарилан. Нижер хIалтIухъабазулгун гIадамазул гIемер хабар кколеб букIана гьеб суалалда сверухъ. Гьезда мекъи бичIчIулеб букIана нижеца абурабщинаб ва нижер малъа-хъваял. Амма гIадамал унтудаса хвезе байбихьидал, тIубанго божана унти бахун букIиналда.

**-Карантиналъул режим халат бахъинабиялда хурхун щиб абилеб?**

-Дагъистаналда карантин бахъизе цудунго буго. Нильер гьаниб хIалуцин дагьаб сасаниги, шагьаразда унтаразул къадар дагьлъулеб гьечIо. Абулеб буго тIубараб рииялъго карантин бахъичIого хутIизе бегьулин. ХIинкъи буго гIидалъул къоялъ какде гIадамал мажгитазде руссиналъул, байрам баркун гьел цоцазде тIадегьоркье иналъул, лъимал къватIахъ хьвадиялъул. Щайгурелъул унтарасдаса аскIов вугесда унти бахун букIин тIатулеб буго анцIила ункъго къойидасан. Больницаялдаса сахлъун къватIире аразе малъа-хъваял гьарун руго гьеб 14 къоялъ жидерго рокъор чIезе ккеялъул. Гьел тIураялъул хал гьабизе буго участкаялъул тохтурас. Гьеб унтиялъ инсан рес-санагIалъиялъухъ ва ригьалъухъ балагьун инсан батIа гьавуларо. ЦIодорго рукIине ккела.

**Больницаялъе гьаб захIматаб заманаялда дарабазул букIа, гIарцул букIа гIадамазухъанги кумек щванилан рагIана...**

-Нильер районалъул МахIачхъалалда чIарай ПатIимат КъурбангIалиевалъ жийго лъугьун интернеталдаса ахIи бан бакIарун бачIана лъабнусиялда анцIила анкьазарго гъурущ. Аслияб къагIидаялъ нижеца гьеб гIарцухъ росана кислородалъул баллонал. Больницаялъул букIана къоло щуго баллон, гьеб гIарцухъги босана жеги анцIила щуго.

Сахалиналда гIумру гьабун вугев Агъвалиса МухIамад МухIамадовас байбихьудаго рачIана респираторал, инфекциониб отделениялъе гьабуна ремонт. Гьал къояз гьес Москваялдаса ритIун рачIана унтарал сах гьаризе хIажатал дараби. Гьединго муфтияталъ рачIана маскаби ва дараби, республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловас рачIана дараби, кислородалъулаб станция лъезе бугинги абуна гьес. Кумек гьабурав чи лъазе чIечIого гIарцул, дарабазул ва хасал костюмазул жегиги щолеб буго кумек. Москваялдаса МухIамад Вечедовас кьун бачIана азарго маска, анлъго хасаб функционалияб кровать, дезинфекция гьабизе кьваритIунел сурсатал.

**-Эпидемиялда хурхун тIадеги кьезе бихьизураб мухь щолеб гьечIин гIарзал руго тохтурзабазул. Районалда кин тIубалеб бугеб гьеб суал?**

-Гьел гIарцал кватIун рачIана нижехъе. Телевизоралда бицунеб хабар цодагьаб кIодо гьабураб бугилан ккола. Цебеккун гьеб гIарац кьезе бихьизабун букIана хIалтIухъанас унтарасда аскIоб бахъараб заман рикIкIун. СагIтазухъ балагьичIого, унтаравгун хIалтIи гьабурасе кьейилан лъазабураддаса нахъе, гьеб мухь хIалтIухъабазе кьезе байбихьана. Нильер больницаялда жакъа къоялде гьеб щвезе кколесе щвана.

**-Гара-чIвариялъул ахиралда щиб абилеб дуца районцоязда?**

-Бокьун буго къо ккедал кумекалъе ратарал районцоязе баркала кьезе. ЦIодорго рукIа ва цIуне нужго. Нужеда барабги гIемер букIуна эпидемия тIибитIизе гьукъиялъе.

**Заур Бадрудинов**

## ХIинкъичIого цIуне вирусалдаса

Гьаб тIолгодунялалдаго тIобитIараб коронавирус унти ккола чанго батIияб гриппалъул цо тайпа. Гьелъухъа гьедигIан цIакъго хIинкъизе кколаро, амма цIодорлъи гьабизе ккола. Аби буго, нилъ хIинкъараб жо, нилъеде тIаде кидаго бачIунин абун, гьединлъидал цIодорлъи гьабизе ккола, цоцазде гьеб бахунгутIиялъе.

Гьаб заман гьадинаб бачIине бугин дида цодагьаб цебегIан абун букIарабани, дун божилароан. Эмен, вац, яц, лъимер, гьудулгьалмагъ хвараб бакIалде ине бегьизе гьечIин, гIага-божаразде тIаде-гьоркье ине гьукъизе бугин бицараб жоялде божизеги киданиги бачIинароан. Амма, гьеб нилъеда бихьизе хьван букIун буго. Аллагьасул хIукмуялда нилъ рази рукIине ккола. Умумуз абухъе гьеб буго нилъее БетIергьанасул салам, батила нилъеда бецIизе жоги. Кколеб къагIидаялда нилъеца дин-исламалъул тIалабалги тIуразарулел гьечIелъулги. Нилъ, рокьо-рокьор чIун, ургъизе ва кантIизе кьураб батила нилъее гьаб БетIергьанас. Дида ккола кидаго, ракь багъараниги, пири пирхун, токал сун, чвахун цIадал ран, иххал рахъун, зарал ккедал, гьебги бугин нилъеда Аллагьасул цщим бахъараб, нилъ кантIилародаян бичIчIи кьолеб заман. Аллагьасул цщим бахъун батугеги нилъеда.

Амма гьаб коронавирус абулеб унти тIаде бачIиндал, гIадамал цIакъ хIинкъун, щиб гьабилеб лъаларого, гIурусаз абухъе «паника» гьабизе рагъариялъ, унтаби цIакъ гIемер цIикIкIана. ГIемерав чи хвана, цодагьавниги загIипав, рухIдакъав щинав. Киса-кибего сверухъ мухъалдасан рагIизарулел харбазухъ гIинги тIамун хIинкъунги унтулел руго гIадамал. Рихха-хочиялъул хIасилалда рахунел унтабазда данде чIезе инсанасул чорхолъ хIалкIолъи дагьлъулеб буго. Бицанщиналда божизе бегьуларо. ГIемераб, гьечIеб щинабги бицун гIалам хIинкъун буго, амма лъикI букIинаан гьедин Аллагьасухъаги хIинкъулел рукIаралани.

Цодагьабниги къаркъалаялъул хиса-баси ккарабго, цIа-махх борцун, дару гьекъон, бакIалъулал тохтурзабазде кIалъан, гьез малъарабги гьабун, гьеб нахъчIвазабизе рес буго нилъер.

Маскаби ретIизе ккола гIемераб гIалам буссараб бакIазда, хIалтIулел бакIазда. КъватIир, гIадамал гьечIел бакIазда, ретIизе кколаро гьел.

Нилъер муфтияталъги лъазабулеб буго, гIидалъул къоялъ лъимал свердизе риччагеян, цоцазде тIаде хьвадугеян. Гьез абуралъухъги гIенеккун нилъ чIани, унтаби дагьлъизе руго.

Лъимал цоцазе пихь кьун, аскIор чIун, цадахъ кванан цадахъ сверулел ругони, вирус, гIемерлъани гурони, дагьлъуларо. РачIа нилъеца гьаб кьинабизе.

Байбихьудасанго нилъ бицунелъухъ гIинги тIамун, гIенеккун чIун, малъараб гьабун рукIаралани, Дагъистаналъул иш гьалде кколароан. РачIа гьанжегIаги киналго рекъон унтаби тIагIинаризин!

Баркула киназдаго тIаде щолеб хирияб гIидалъул къо. Киназулго ккурал кIалалги, гьабураб гIибадатги, рарал какалги къабул гьареги Аллагьас. Гьарула киназего цоцалъ адаб, иман рехун течIого рукIине.

Сахлъи кьеги киназего, тIаса босаги нилъедаса хеккого гьаб кинабго ургьелги, унтабиги. Аллагьас лъикIаб хьван батаги! Амин.

Каранде мунги кьан, къочун цIунизе,  
Гьале тIаде щвана, дур кьваридаб къо.  
Щиб гIайиб букIараб, дуда дир ВатIан,  
ГIажаибаб унтуй мун мукIурлъизе?

Бидул тушманасе къуличIеб бетIер,  
Къулараб щай дуца тушман-унтуе?  
Кидаго разияб, роцIцIараб дур зоб,  
Щай гьанже кьерхараб, мун дир Дагъистан?

**РукъиятI ГIалисултанова**

## ЧIунтун буго сверухълъи

ЧIунтун буго сверухълъи,  
ЧIобого руго кьватIал,  
Бакъул дунялалъулги  
Гьими гьечIо бихьулеб.

Аллагь, гьарула дуда  
Дур гурхIелги цIобги,  
ЦIуне гьаб унтудасан  
Дур ХIабибасул уммат

Чуре нилъер мунагьал,  
РакIал рацIцIадго гьаре.  
Дур цIобальун нуцIихьан  
Сахлъи кьун роххизаре.

**ИманмухIамад ГIалиев,**  
Первомайское росу



1 маялъ къватIибе араб "ЦIумадисезул гьаракь" газеталъул 21 абилеб номералъул кIиабилеб гьумералда "ГIоцересел къоязда рагъул коронире ккана" абураб макъалаялда МухIамадов Давудил бакIалда цогидасул сурат лъун буго.

Макъалаялъул автор ХIабиб Давудовасда гьарула тIаса лъугьаян.

### Военный прокурор сообщает

В целях недопущения случаев распространения коронавирусной инфекции все обращения, жалобы и заявления в 315 военную прокуратуру гарнизона просьба направлять электронной почтой по адресу 315vpg@mail.ru или почтовым отправлением по адресу: 368300, Республика Дагестан, г. Каспийск, ул. Пограничная, д 1.

По указанным адресам можно обращаться с информацией в связи с деятельностью должностных лиц военного комиссариата Республики Дагестан и его отделов по Цунтинскому, Цумадинскому, Хунзахскому, Ахтынскому, Докузпаринскому, Магарамкентскому, Рутульскому районам, их призывных комиссии и сборных пунктов, с вопросами о несогласии или обжаловании действии должностных лиц, связанных с нарушением прав граждан.

**Р. С. Петросян,** военный прокурор гарнизона

**ОМВД**

# Дистанционное мошенничество

Уважаемые жители Республики Дагестан !

Министерство внутренних дел по Республике Дагестан крайне беспокоит интенсивный рост преступлений совершенных с использованием банковских карт, средств мобильной связи и информационно-телекоммуникационной сети Интернет.

Развитие информационно-коммуникационных технологий обусловило как процесс непрерывного роста их применения во всех сферах жизнедеятельности общества, так и открыло новые возможности для использования таких технологий в преступной деятельности, в том числе и в хищении денежных средств у граждан путем обмана и злоупотребления доверием. В результате появилось целое направление вредоносного мобильного программного обеспечения, которое подменяет собою интерфейсы мобильных магазинов, производителей и банковских мобильных приложений, перехватывает SMS, шпионит за пользователем. Отсутствие навыков использования мобильных сервисов и доверчивость граждан приводит к массовым хищениям при помощи смартфонов.

Проведенный анализ уголовных дел расследуемых по данной категории преступлений показывает, что на территории Республики Дагестан: В 2018 году возбуждено – 135 уголовных дел по признакам преступлений предусмотренных ст.ст.158, 159 УК РФ; В 2019 году возбуждено – 258 уголовных дел по признакам преступлений предусмотренных ст.ст. 158, 159 УК РФ;

За истекший период 2020 года уже зарегистрировано – 27 фактов совершения хищений денежных средств дистанционным способом, по которым возбуждены уголовные дела и проводятся необходимые следственные и оперативнорозыскные мероприятия.

По всем выявленным преступлениям проводятся следственные и оперативнорозыскные мероприятия направленные на установление лиц, совершивших преступления.

В 2018-2019 г.г. широкую популярность получил следующий способ совершения хищения денежных средств. Неустановленное лицо совершает звонок на мобильный телефон гражданина, и представляясь сотрудников ПАО «Сбербанк» сообщает, что на его банковском счету накопились бонусные баллы за активное пользование банковской картой, которые можно перевести в денежный эквивалент. Для проведения данной операции мошенники просят назвать полные данные банковской карты, в том числе CVCкод (на оборотной стороне трехзначный код) и коды, поступившие в SMS-сообщениях с сервисного номера 900, с помощью которых мошенники совершают вход в Онлайнбанк клиента и похищают денежные средства со счета.

Уважаемые граждане, запомните, что сотрудник банка никогда не будет просить вас назвать номер банковской карты и коды, данные сведения не требуются для проведения какой либо проверки реальному сотруднику банка. О том, что данная информация является конфиденциальной и ее нельзя сообщать третьим лица указано в соответствующих SMS-сообщениях сервисного номера.

Аналогичные случаи рассылки SMS-сообщений, содержащих информацию о том, что банковская карта абонента заблокирована в силу ряда причин. Иногда подобные сообщения содержат призыв перевести деньги для разблокировки карты, иногда абонента просят позвонить или отправить SMS на короткий номер.

Необходимо помнить о том, что единственная организация, которая сможет проинформировать вас о состоянии вашей карты – это банк, обслуживающий ее. Если у вас есть подозрения о том, что с вашей картой что-то не в порядке, если вы получили уведомление о ее блокировке, немедленно обратитесь в банк. Телефон клиентской службы банка обычно указан на обороте карты. Не звоните и не отправляйте сообщения на номера, указанные в уведомлении, за это может взиматься дополнительная плата.

В настоящее время актуальным становится следующая схема мошеннических действий:

-На различных интернет сайтах размещаются рекламные ролики о дополнительном заработке, не выходя из дома, то есть вложение денежных средств в активы, валюту, драгоценные изделия, металлы и нефтепродукты. При контакте с представителями биржи, гражданам предлагается установить программное приложение «AnIdex», в котором доверчивый гражданин вносит необходимые сведения банковского счета, и совершает операции по вложению денежных средств на разные предлагаемые категории. Мошенники в течении некоторого времени вводя в заблуждение гражданина, перечисляют ему на счет различные суммы денежных средств, при этом уверяя его, что в его же интересах не тратить накопленные средства, что бы не потерять дальнейшую прибыль. Наблюдая за происходящим граждане думают, что необходимо вложить большую сумму денежных средств. Тем временем мошенники наблюдая в онлайн режиме за счетом гражданина, в нужный момент посредством удаленного доступа через приложение «AnIdex» совершают хищение денежных средств хранящихся на банковском счете гражданина, путем перечисления на различные счета, так как данное приложение специально создано для обеспечения удаленного доступа к любым компьютерам. Прежде чем установить какое либо приложение или программное обеспечение, ознакомьтесь с чем имеете дело.

SMS-рассылки или электронные письма с сообщениями о выигрыше автомобиля либо других ценных призов. Для получения «выигрыша» злоумышленники обычно просят перевести на электронные счета определенную сумму денег, мотивируя это необходимостью уплаты налогов, таможенных пошлин, транспортных расходов и т.д. После получения денежных средств они перестают выходить на связь либо просят перевести дополнительные суммы на оформление выигрыша.

Оградить себя от подобного рода преступлений предельно просто. Прежде всего, необходимо быть благоразумным. Задумайтесь над тем, принимали ли вы участие в розыгрыше призов? Знакома ли вам организация, направившая уведомление о выигрыше? Любая просьба перевести денежные средства для получения выигрыша должна насторожить вас. Помните, что выигрыш в лотерею влечет за собой налоговые обязательства, но порядок уплаты налогов регламентирован действующим законодательством и не осуществляется посредством перевода денежных средств на электронные счета граждан и организаций или «электронные кошельки».

Нередки случаи мошенничеств, связанных с деятельностью Интернетмагазинов и сайтов по продаже авиабилетов. При заказе товаров вас попросят внести предоплату, зачастую путем внесения денежных средств на некий виртуальный кошелек посредством терминала экспрессоплаты. Далее магазин в течение нескольких дней будет придумывать отговорки и обещать вам скорую доставку товара, а потом бесследно исчезнет либо пришлет некачественный товар. Если вы хотите купить товар по предоплате помните, что серьезные Интернетмагазины не будут просить вас перечислить деньги на виртуальный кошелек или счет мобильного телефона. Поищите информацию о магазине в сети Интернет, посмотрите, как долго он находится на рынке. Один из популярных способов мошенничеств, основанных на доверии связан с размещением объявлений о продаже товаров на электронных досках объявлений и интернетаукционах. Как правило, мошенники привлекают своих жертв заниженными ценами и выгодными предложениями и требуют перечисления предоплаты путем перевода денежных средств на электронный кошелек.

Благоразумие поможет и здесь. Внимательно изучите объявление, посмотрите информацию о лице, разместившем его. Если торговая площадка имеет систему рейтингов продавцов, изучите отзывы, оставленные другими покупателями, не забывая, однако, о том, что преступники могут оставлять положительные отзывы о себе, используя дополнительные учетные записи. Воспользуйтесь Интернетпоиском. Иногда достаточно ввести в форму поиска телефонный номер или сетевой псевдоним продавца для того, чтобы обнаружить, что эти данные уже использовались в целях хищения денежных средств и обмана покупателей.

Покупать авиабилеты через Интернет удобно. Вам не нужно никуда ехать и стоять в очередях. Вы выбираете рейс, дату, оплачиваете билет и получаете его спустя несколько секунд. Сегодня многие люди выбирают именно такой способ приобретения билетов на самолет. За последний год существенно увеличилось количество жалоб на обман при покупке электронных билетов.

Многие люди сегодня пользуются различными программами для обмена сообщениями и имеют аккаунты в социальных сетях. Для многих общение в сети стало настолько привычным, что практически полностью заменило непосредственное живое общение.

Общение в сети в значительной мере обезличено, и за фотографией профиля может скрываться кто угодно. Поэтому не следует раскрывать малознакомому человеку такие подробности вашей жизни, которые могут быть использованы во вред. Помните о том, что видео и аудиотрансляции, равно как и логин вашей сетевой переписки, могут быть сохранены злоумышленниками и впоследствии использованы в противоправных целях. Не забывайте, что никто лучше вас самих не сможет позаботиться о сохранности той личной информации, которой вы не хотите делиться с общественностью.

Не давайте возможности обманщикам провести себя и своих близких.

Будьте бдительны!

**СУ МВД по РД**

**Динияб бокIон**

# Аварагасул (с.т.гI.в.) гIумруялъул низам

Хирияв Аварагасул хIакъалъулъ чара гьечIого лъазе ккола гьев вукIин Адамил зуриялъул, Ибрагьимил миллаталъул, ИсмагIилил наслуялъул, гIарабияб мацIалъул, бацIцIадаб аслуялъул, Къурайшияб насабалъул, Гьашимияб кьибилалъул. ГIабдуллагь абурав инсуе Аминат абурай эбелалъ Маккаялда гьавурав. 40 сон бараб мехалда Авараглъун ва Расуллъун витIарав, 23 соналъ жиндихъ Къуръан рещтIарав, Къиямасеб къо чIезегIан тIолго халкъалде жив Расуллъун витIарав, ахирисев Авараг. 23 соналъ ТIадегIанав Аллагьасул дин-ислам тIибитIизе гьабурав, жиндир шаригIаталъ цересел шаригIатал хисизарурав, жиндасан хирияб щибго жо бижичIев, гIумруялъул 63 сон тIубайдал Мадиналда хварав, ГIайшатил хIужраялда вукъарав, Аллагьасул нур, гIаламалъул рахIмат, халкъалъул ясбер, тIолгоязул Амман, Хирияв Расулулагь. Гьединго лъазе ккола гьесул хьвада-чIвадиялъул, гIамал-хасияталъул, асхIабзабазда гьоркьоб гьесул къимат гьабиялъул, гьесул ритIухълъиялъул ва цогидалги гIамалазул хIакъалъулъ…

Аллагьасул Расуласе ТIадегIанав Аллагьас кьуна лъиего кьечIеб берцинаб гIамал-хасият-тIабигIат. Жанисанги тIасанги сипат-сурат берцинлъиялъул рахъалъ гьев вукIана бищунго тIадегIанаб даражаялда.

Гьесул сипат-сураталъул ва берцинлъиялъул хIакъалъулъ цояс абулеб буго: -Дида гьев вихьана цIураб моцI гIадин, гьесул гьурмалъ балагьун дир бер кинго гIорцIичIо-ян.

Гьесул лъикIал тIабигIатазул хIакъалъулъ гIемерал асарал рачIана. Масъала, инсаниялъул тарихалда цо-цоял машгьурлъула берцинаб тIабигIаталдалъун, бахIарчилъиялдалъун, сахаватлъиялдалъун, хIалимлъиялдалъун, сабруялдалъун ва гь.ц. Салат салам лъеяв нилъер Хирияв Аварагин абуни машгьурлъана инсанасул киналго берцинал тIабигIатазул бищунго тIадегIанаб борхалъиялда вахиналдалъун. Берцинал тIабигIатаздалъун живго берцинлъарав гIечIого тIолабго инсаниятги берцин гьабуна гьес.

**-ТIадегIанаб хIалимлъи.** Чамго чияс къасд гьабуна гьев чIвазе. Амма, ахир-къадги, кверде ккедал гьес гьел риччантолаан тIасанги лъугьун.

**-Гьесул сахаватлъи.** Щиб жо гьарунги жиндихъ чи вачIани, гьесул мурад тIубачIого толароан. Жиндир рокъоб цо диргьам бугониги, гьеб гьес мискинзабазе кьолаан. Гьедин гурони гьесда макьуги щолароан.

**-Гьесул бахIарчилъи.** Рагъул кор боркьарал гIужазулъ, заманалда бищунго бахIарчиял асхIабзабицин гьесда нахъе кIанцIулел рукIана, гьевин абуни вараниялдаги рекIун тушманасде тIаде-тIаде унев вукIана.

**-Гьесул нич.** Ничалъул кутакалъ гьесда чияр гIайибазде балагьизе кIолароан, чияде бадибе рихараб жо абун гьев кIалъалароан, ничаб, чорокаб рагIи гьес бицулароан.

**-Гьесул ракI гIатIилъи.** Гьесда аскIове вачIаравщинав асхIабасде ракIалде кколеб букIана жиндасан хирияв чи гьесие ватиларилан. Щивав асхIабасул тIалаб-агъазги гьабулаан гьес.

**-Гьесул гурхIел.** Къуръаналъго гьесие сипат гьабуна муъминзабазда кутакалда гурхIулев абун. Гьес абулаан ракьалда ругезда нуж гурхIа, нужеда зодор ругел гурхIилилан.

**-Кьураб рагIи кквей:** Цо чияс пуланаб бакIалда балагьун чIезеян гьабураб къотIи сабаблъун лъабго къоялъ гьев валагьун чIана рагIи кьурав чиясухъ, гьев вачIинегIан.

**-ЧIухIи гьечIолъи:** Нухда данде ккарав мискинчияс букIа, къоролчIужугIаданалъ букIа жидер хIажалъи бицунеб бугони, гьезухъ гIенеккун нух бакьулъ гьес сагIатгицин бахъулаан.

**-Гьесул битIараб бицин:** Гьесул гIумруялда жаниб лъидаго кидаго рагIичIо гьес гьереси бицун. ХIатта, мушрикиналгицин мукIурал рукIана аварагас (с.т.гI.в.) гьереси бицунареблъиялда.

**-Гьесул ритIухълъи:** ГьитIинаб къоялдасанго нахъе Маккаялъул гIадамазда гьоркьоб гьесул цIар машгьурлъун букIана божарав, хиянат гьечIев, ритIухъав МухIаммадан абун. ХIатта, чIухIарал капурзабазцин, гьесда иман лъун гьечIониги, рикIкIадаб сапаралда унаго гьесда аскIоб толеб букIана жидерго къиматаб жо цIунизе.

**-Гьесул гIакълуялъул гъварилъи.** Гьес кьураб тарбия сабаблъун тIолабго инсаниялъул чIухIилъун хутIун руго гьесда сверухъ рукIарал асхIабзаби.

**-Гьесул гIелмияб гъварилъи:** Аллагьас гьесие кьуна цебесебги гьанжесеб заманалъулги гIелму. Къуръаналда абулеб буго: -Аллагьас дуда лъазабуна дуда лъалареб букIарабщинаб жо,-абун. Гьелъ бицуна гьесул гIелму цIакъго цIакъ цIикIкIараб букIараблъи.

**-АсхIабзабазе гьесул къимат:** Маккаялъул ханзабаз жидерго вакил Сугъайл витIун вачIана салат-салам лъеяв Аварагасулгун къотIи-къай гьабизе. АсхIабзабаз гьесул гьабулеб къиматги кIодолъиги, хIурматги бихьун хадуса гьес абуна: -Дун щвана Рималъул императорасухъеги, Персазул пачаясухъеги, Мисриялъул ханасухъеги, амма дида цониги хан вихьичIо жиндирго гIадамаз кIодо гьавула, асхIабзабаз МухIаммад гIадин,-абун.

**-Аллагьасдасан хIинкъи:** Гьесда Аллагь лъаялдаго релъараб букIана гьесул Аллагьасукьа хIинкъиги. ГIемерисеб заман гьесул пикрабазда унаан, кидаго пашманго вукIунаан. Мех-мехалда асхIабзаби рохизаризе гьимизеги гьимулаан. Гьес абулаан, дида лъалеб жо нужеда лъалеб букIарабани, нуж гIемер гIодилаан, дагь релъилаанилан.

**-Гьесул кванай:** Аллагь разилъаяй гьесул чIужу ГIайшатица абулеб буго, моцIги балаан нижер рокъоб цIаги баккун хинаб квен гьабичIогоян. Лъабго къоги унаан хирияв Аварагасул (с.т.гI.в.) кваначIого, батараб жо кваналаан, гьечIони, вакъун чIолаан. Щиб жо цебе бачIаниги кванил бицунароан, цебе лъурабги кванан чIолаан.

ГIадатияв чияс гIадинцин гьес дунялалъул бечелъиги берцинлъиги данде гьабичIо. Кинабго рахъалдасан тIаде чвахулеб боцIиги, ханзабаздасан цIикIкIараб кIодолъи, къадру-къиматги букIаго, гIадатияб даражаялда вукIине кIвей, гьев хIакъав Авараг (с.т.гI.в.) вукIиналъе гIунги тIокIаб далил буго.

Гьаб, тIадехун рехсарабщинаб ккола гьесул берцинал тIабигIатазул, хьвада-чIвадиялъул рахъалдасан босараб цIакъго дагьаб тIиригIанасеб жо.

ТIадегIанав Аллагьас гьесдаги цогидал аварагзабаздаги гIорхъи гьечIел камилал, гьоркьоса къотIуларел салаталги саламалги лъеги. Гьезул шапагIат щолеллъун тIолго бусурбабиги гьареги. Амин!

**«Аварагасул гIумру» абураб тIехьалдасан рищун хъвана Агъвалиса МухIамад Загьидовас.**

## Пенсионный фонд разъясняет

# Единовременная выплата на детей от 3 до 16 лет

Семьи с детьми, рожденными в период с 11.05.2004 по 30.06.2017 года включительно, с 1 июня 2020 года, имеют право на единовременную выплату в размере 10 000 рублей на каждого такого ребенка.

Для этого необходимо подать заявление до 1 октября 2020 года.

Подача заявления на ежемесячную выплату через Единый портал госуслуг

(электронный сервис в ближайшие сутки будет доступен)

Выплата предоставляется гражданам РФ, проживающим в России. У ребенка тоже должно быть гражданство РФ. Если у вас несколько детей от 3 до 16 лет, укажите данные о каждом ребенке.

Заявление подает один из родителей или усыновителей. (Опекуны ребёнка в случае лишения родительских прав; смерти отца, матери или отмены усыновления подают заявление только через территориальное учреждение ОПФР по РД).

Для заявления нужны данные о ребенке из свидетельства о рождении и банковском счёте. Нужно подготовить документ, удостоверяющий личность заявителя, его СНИЛС, свидетельство о рождении ребенка. Приготовьте их заранее, чтобы заполнить все поля и получить выплату.

Для заявления вам понадобятся:

•Свидетельство о рождении каждого ребенка. Если у ребенка нет свидетельства о рождении, выданного органом ЗАГС Российской Федерации, обратитесь в клиентскую службу ПФР лично.

•Реквизиты банковского счета. Их можно посмотреть в интернет-банке. Нужен 20-значный номер вашего личного счета, БИК и номер корреспондентского счета.

Внимание! Номер карты, который нанесен на ее поверхность, не совпадает с номером счета и не подходит для перечисления выплаты. В заявлении нужно указывать именно номер банковского счета из 20 знаков.

В заявлении заполните сведения о себе и детях. Если у вас несколько детей от 3 до 16 лет, укажите данные о каждом ребенке. Никаких документов прикладывать не нужно: все данные проверяются автоматически.

Выплата не может осуществляться на счет другого лица - только заявителю. Получение выплаты через доставочные организации не предусмотрено.

Решение по выплате принимается ГУ- ОПФР по РД в течение 5 рабочих дней с момента регистрации заявления в терроргане ОПФР. Уведомление о решении вы сможете получить в личном кабинете Единого портала госуслуг.

Основаниями для полного или частичного отказа в назначении выплаты могут быть:

о отсутствие права на выплату в связи с несоответствием возраста ребенка;

о лишение или ограничение родительских прав в отношении ребенка;

смерть ребенка, на которого подается заявление о ежемесячной выплате;

о недостоверные сведения в заявлении.

Единовременная выплата поступит на банковский счет, указанный в заявлении. Перечисление выплат начнётся с 1 июня 2020 года.

Принимая во внимание эпидемиологическую обстановку территориальные учреждения ОПФР по Республике Дагестан приём населения ведут только по предварительной записи. Наиболее удобный способ предварительной записи – это запись в электронном виде, доступном в круглосуточном режиме. Единовременная выплата на детей от 3 до 16 лет

Семьи с детьми, рожденными в период с 11.05.2004 по 30.06.2017 года включительно, с 1 июня 2020 года, имеют право на единовременную выплату в размере 10 000 рублей на каждого такого ребенка.

Для этого необходимо подать заявление до 1 октября 2020 года.

Подача заявления на ежемесячную выплату через Единый портал госуслуг

(электронный сервис в ближайшие сутки будет доступен)

Выплата предоставляется гражданам РФ, проживающим в России. У ребенка тоже должно быть гражданство РФ. Если у вас несколько детей от 3 до 16 лет, укажите данные о каждом ребенке.

Заявление подает один из родителей или усыновителей. (Опекуны ребёнка в случае лишения родительских прав; смерти отца, матери или отмены усыновления подают заявление только через территориальное учреждение ОПФР по РД).

Для заявления нужны данные о ребенке из свидетельства о рождении и банковском счёте. Нужно подготовить документ, удостоверяющий личность заявителя, его СНИЛС, свидетельство о рождении ребенка. Приготовьте их заранее, чтобы заполнить все поля и получить выплату.

Для заявления вам понадобятся:

•Свидетельство о рождении каждого ребенка. Если у ребенка нет свидетельства о рождении, выданного органом ЗАГС Российской Федерации, обратитесь в клиентскую службу ПФР лично.

•Реквизиты банковского счета. Их можно посмотреть в интернет-банке. Нужен 20-значный номер вашего личного счета, БИК и номер корреспондентского счета.

Внимание! Номер карты, который нанесен на ее поверхность, не совпадает с номером счета и не подходит для перечисления выплаты. В заявлении нужно указывать именно номер банковского счета из 20 знаков.

В заявлении заполните сведения о себе и детях. Если у вас несколько детей от 3 до 16 лет, укажите данные о каждом ребенке. Никаких документов прикладывать не нужно: все данные проверяются автоматически.

Выплата не может осуществляться на счет другого лица - только заявителю. Получение выплаты через доставочные организации не предусмотрено.

Решение по выплате принимается ГУ- ОПФР по РД в течение 5 рабочих дней с момента регистрации заявления в терроргане ОПФР. Уведомление о решении вы сможете получить в личном кабинете Единого портала госуслуг.

Основаниями для полного или частичного отказа в назначении выплаты могут быть:

о отсутствие права на выплату в связи с несоответствием возраста ребенка;

о лишение или ограничение родительских прав в отношении ребенка;

смерть ребенка, на которого подается заявление о ежемесячной выплате;

о недостоверные сведения в заявлении.

Единовременная выплата поступит на банковский счет, указанный в заявлении. Перечисление выплат начнётся с 1 июня 2020 года.

Принимая во внимание эпидемиологическую обстановку территориальные учреждения ОПФР по Республике Дагестан приём населения ведут только по предварительной записи. Наиболее удобный способ предварительной записи – это запись в электронном виде, доступном в круглосуточном режиме.

...........................

Последнее время в Пенсионный фонд Дагестана поступают обращения от владельцев материнского семейного капитала с вопросом о том, учитывается ли в составе доходов семьи ежемесячная выплата в размере 5 тысяч рублей, осуществляемая в апреле-июне 2020 года. В ведомстве официально заявляют, что в соответствии с Указом Президента Российской Федерации от 7 апреля 2020 года №249 " О дополнительных мерах социальной поддержки семьей, имеющих детей" эта сумма, выплачиваемая как антикризисная мера, неучитывается в составе доходов семьей при предоставлении иных мер социальной поддержки. Для информации: при подсчете общего дохода семьи учитываются зарплаты, премии, пенсии, социальные пособия, стипендии, различного рода компенсации, алименты. Все эти суммы должны быть подтверждены соответствующими документами, за исключением выплат, полученных от ПФР. При подсчете не учитываются суммы подобной единовременной материальной помощи из федерального бюджета в связи с чрезвычайными происшествиями.

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский» за 2019 г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2019 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собсвенные доходы: | | | | |
| 1 | НДФЛ | 31,2 | 31,2 | 24,9 | 79,8 |
| 2 | Земельный налог | 42,8 | 42,8 | 46,6 | 108,9 |
| 3 | Налог на имущества | 41,0 | 41,0 | 50,8 | 123,9 |
| 4 | Сельхоз налог | 3,0 | 3,0 | 9,6 | 320,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 2,0 | 2,0 | | 0,0 |
| 6 | Не выясненные поступления | | | | |
| | Итого собственные доходы | 120,0 | 120,0 | 131,9 | 109,9 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1579,0 | 1641,4 | 1641,4 | 100,0 |
| 2 | Дотация на част. компен-ю | 14,8 | 29,0 | 29,0 | 100,0 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 3,2 | 3,2 | 3,2 | 100,0 |
| 4 | Субвен. ВУС | 87,0 | 87,0 | 87,0 | 100,0 |
| | Итого | 1684,0 | 1760,6 | 1760,6 | 100,0 |
| | Всего доходов | 1804,0 | 1880,6 | 1892,5 | 100,6 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **993,8** | **1117,6** | **1117,6** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 658,0 | 640,9 | 640,9 | 100,0 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | **3,2** | **3,2** | **3,2** | 100,0 |
| 5 | ВУС | **87,0** | **87,0** | **87,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 66,8 | 66,8 | 66,8 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | 283,0 | 283,0 | 270,4 | 95,5 |
| 7 | Молодёжная политика | | | | 0,0 |
| 8 | Культура | **427,0** | **427,0** | **408,9** | 95,8 |
| | в т.ч. зарплата | 265,0 | 273,3 | 273,3 | 100,0 |
| 9 | ФК и спорт | **10,0** | **10,0** | **10,0** | 100,0 |
| | | | | | |
| | Всего расходов | 1804,0 | 1927,8 | 1897,1 | 98,4 |
| | в т.ч. зарплата | 989,8 | 981,0 | 981,0 | 100,0 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский» Р. Ахмедов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Гигатлинский» за 2019 г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2019 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собсвенные доходы: | | | | |
| 1 | НДФЛ | 37,8 | 37,8 | 35,4 | 93,7 |
| 2 | Земельный налог | 63,2 | 63,2 | 71,7 | 113,4 |
| 3 | Налог на имущества | 65,3 | 65,3 | 60,3 | 92,3 |
| 4 | Сельхоз налог | 6,0 | 6,0 | | 0,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 3,3 | 3,3 | | 0,0 |
| 6 | Не выясненные поступления | | | | |
| | Итого собственные доходы | 175,6 | 175,6 | 167,4 | 95,3 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2532,0 | 2614,4 | 2614,4 | 100,0 |
| 2 | Дотация на част. компен-ю | 11,8 | 18,9 | 18,9 | 100,0 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 7,5 | 7,5 | 7,5 | 100,0 |
| 4 | Субвен. ВУС | 92,0 | 92,0 | 92,0 | 100,0 |
| | Итого | 2643,3 | 2732,8 | 2732,8 | 100,0 |
| | Всего доходов | 2818,9 | 2908,4 | 2900,2 | 99,7 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **1666,2** | **1254,7** | **1244,6** | 99,2 |
| | в т.ч. зарплата | 748,4 | 748,4 | 744,0 | 99,4 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | **7,5** | **7,5** | **7,5** | 100,0 |
| 5 | ВУС | **92,0** | **92,0** | **92,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 70,7 | 70,7 | 70,7 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | 830,0 | 1334,0 | 1331,6 | 99,8 |
| 7 | Молодёжная политика | | | | |
| 8 | Культура | **173,2** | **177,2** | **173,0** | 97,6 |
| | в т.ч. зарплата | 133,0 | 137,0 | 136,8 | 99,9 |
| 9 | ФК и спорт | **50,0** | **50,0** | **50,0** | 100,0 |
| | | | | | |
| | Всего расходов | 2818,9 | 2915,4 | 2898,7 | 99,4 |
| | в т.ч. зарплата | 952,1 | 956,1 | 951,5 | 99,5 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Гигатлинский» Р. Газимагомедов**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Залимханова
Хадижат МухIамадовна
2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
Щумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал:
«Щумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.
Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1676
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгоьи гьорль бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru